



Pou Piblikasyon Imedya: 11/12/2025

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL SIYEN YON LWA POU ETABLI SANT NOUYÒK POU  
DISLEKSI AK DISGRAFI POU AMELYORE REZILTA ELÈV KI GEN ANDIKAP  
APRANTISAJ**

*Lwa A2687/S5569 etabli yon Sant pou Disleksi ak Disgrafi nan Depatman  
Edikasyon Eta a pou amelyore fason lekòl yo idantifye ak sipòte elèv ki gen  
difikilte nan lekti ak ekriti*

Gouvènè Kathy Hochul siyen Lwa A2687/S5569 jodi a ki etabli Sant pou Disleksi ak Disgrafi nan Depatman Edikasyon Eta a pou amelyore fason lekòl yo idantifye ak sipòte elèv sa yo ki gen difikilte nan lekti ak ekriti. Sant lan ap kreye yon apwòch pou tout eta a pou kolekte ak pataje pi bon pratik yo, fikse estanda pou depistaj inivèsèl nan klas Kindègadenn rive 5yèm ane ak pou nouvo elèv, epi etabli entèkansyon ki baze sou prèv ansanm ak fòmasyon pou pwofesè yo. Li pral devlope yon liv gid nan de ane, mete ajou omwen chak senk ane, ki pral kouvri responsablite legal yo, pratik depistaj yo, enstriksyon yo, apwòch ki baze sou syans lekti, ak devlopman efikas Pwogram Edikasyon Endividyèl ansanm ak akomodasyon yo. Lè Gouvènè a siyen pwojè lwa sa a, li demontre angajman li pou asire elèv Nouyòk yo gen pi bon rezilta edikatif nan tout peyi a — epi misyon sa a gen ladan sipò pou prèske youn sou chak senk timoun ki ap fè fas ak andikap aprantisaj nan salklas la.

"Lè mwen siyen lwa sa a, m ap selebre ansanm ak plizyè milye fanmi atravè Nouyòk ki ap navige nan sistèm edikatif la akòz andikap aprantisaj pitit yo," **Gouvènè Hochul te deklare.** "Kreyasyon sant sa a se yon viktwa pou Nouyòk k ap chèche repons 21yèm syèk pou disleksi ak disgrafi. Lè nou etabli sant sa a, Nouyòk ap redouble angajman nou pou asire tout elèv, enkli sa yo ki gen andikap aprantisaj, gen pi bon rezilta nan salklas la."

Anons jodi a konplete pi gwo efò Gouvènè Hochul pou ogmante kapasite lekti timoun yo. An 2023, Gouvènè Hochul te siyen yon lwa pou kreye Gwoup Travay sou Disleksi ak Disgrafi, ki te responsab pou devlope direktiv sou depistaj bonè, entèkansyon, ak fòmasyon pwofesè pou disleksi, disgrafi ak lòt andikap aprantisaj ki gen rapò. Rapò final la te bay 14 rekòmandasyon pou responsab politik nan nivo eta a, e plizyè ladan yo deja aplike, tankou kreyasyon sant sa a.

Anplis de sa, inisyativ Gouvènè a ki rele Plan Lekti Tounen nan Baz (Back to Basics Reading), ki te kreye an 2024, te konsantre sou ansèyman lekti ki baze sou prèv, sitou pou klas primè nan premye ane yo, e li te enkli metòd alfabetizasyon estriktire tankou fonetik ak konsyans fonemik, ki benefisye tout elèv, espesyalman sa yo ki gen disleksi. Efò sa a nan tout eta a pou alfabetizasyon estriktire vize amelyore anpil rezilta lekti pou elèv ki gen disleksi, paske metòd sa yo ann amoni ak sa rechèch montre ki mache pou lektè ki gen difikilte.

**Senatè Eta Patricia Fahy te deklare,** "Apeprè 1 sou chak 5 timoun nan Eta Nouyòk ap lite ak disleksi, men pandan twòp tan, Nouyòk pa t gen yon apwòch ki konsistan ak ki baze sou prèv pou idantifye ak sipòte elèv sa yo. Nou pa sèlman ap kreye yon Sant, nou ap bay pwofesè yo, fanmi yo, ak elèv yo zouti yo te bezwen depi lontan pou adrese pwoblèm sa a. Depistaj bonè, ansèyman alfabetizasyon estriktire, ak devlopman pwofesyonèl ki gen bon kalite pa ta dwe yon liks, yo se nesite pou asire chak timoun ak elèv nan Nouyòk ka aprann li ak ekri avèk konfyans. Twòp nan elèv Nouyòk sa yo te mal konprann ak mal idantifye, men jodi a, nou kòmanse chanje istwa sa a. Mèsi a Gouvènè Hochul paske li siyen lwa sa a, Manm Asanble Bobby Carroll pou lidèchip li sou sijè sa a, epi mwen fyè ke Nouyòk kounye a pare pou vin yon lidè nasyonal nan sipòte elèv ki gen disleksi ak sa yo ki aprann yon fason diferan."

**Manm Asanble Robert Carroll te deklare,** "Mwen grandi ap lite ak disleksi. San depistaj bonè ak entèkansyon reyèl, mwen pa t ap rive fini lekòl, san konte rive nan yon pozisyon kote mwen ka ekri lwa pou ede lòt timoun jwenn sipò mwen te gen chans resewa. Jodi a, Gouvènè Hochul siyen yon lwa ki pran yon etap enpòtan pou bay menm chans sa pou chak timoun nan eta nou an. Sant Disleksi Nouyòk la pral kreye yon kad nan tout eta a, bay lekòl ak pwofesè yo zouti pou idantifye disleksi ak disgrafi bonè, epi ofri fòmasyon nan ansèyman alfabetizasyon ki estriktire, sekansyèl, kimilatif, ak militansyèl. Mwen rekonesan anvè Gouvènè a pou lidèchip li, epi anvè avoka yo, pwofesè yo, ak fanmi atravè Nouyòk ki te batay pou fè sa vin posib. Kreyasyon Sant Disleksi a ap asire bokou plis timoun jwenn sipò mwen te jwenn. Mete pi bon pratik sa yo nan lwa vle di y ap dire epi kontinye gide fason nou sèvi chak lektè ki gen difikilte."

**Julie Menin, Konseyè Minisipal Vil Nouyòk, te deklare,** "Sant sa a se yon gwo etap pou amelyore rezilta edikatif pou plizyè milye elèv nan Nouyòk ki gen disleksi ak disgrafi. Lè yo kreye yon Sant espesyal nan Depatman Edikasyon Eta Nouyòk, Nouyòk ap demontre angajman li pou ansèyman ki baze sou prèv, idantifikasyon bonè, ak pi bon sipò pou chak elèv. Mwen felisite Gouvènè Hochul pou kreyasyon biwo espesyal sa a pou asire chak timoun, kèlkeswa fason yo aprann, gen aksè ak zouti, fòmasyon, ak entèkansyon yo bezwen pou reyisi."

**Manm Konsèy Vil Nouyòk la, Farah N. Louis, te deklare,** "Mwen felisite Gouvènè Hochul paske li siyen lwa enpòtan sa a pou etabli yon Sant espesyal pou Disleksi ak Disgrafi nan eta nou an. Pandan twòp tan, fanmi atravè Nouyòk te gen difikilte pou navige nan sistèm ki pa t fèt pou sipòte tout varyete bezwen aprantisaj newodivèjan yo. Timoun ki gen disleksi, disgrafi, ak lòt diferans aprantisaj ki gen rapò yo te neglije pandan lontan nan devlopman apwòch global ak estratejik ki pèmèt yo adapte ak reyisi

nan salklas la. Mwen anvi wè aplikasyon sant la ak opòtinite li pral kreye pou fanmi nan distri mwen ak nan tout Nouyòk. Chak timoun ta dwe gen yon chemen ekitab pou aprann, epi efò sa a ap mennen nou pi pre pwomès sa a."

**Manm Konsèy Vil Nouyòk, Rita Joseph, te deklare,** "Kòm yon pwofesè pou tout tan, mwen te wè kijan sipò ki apwopriye ka transfòme lavi yon timoun ki gen difikilte ak lekti oswa ekriti. Kreyasyon Sant Disleksi ak Disgrafi Gouvènè Hochul fè a se yon gwo etap ki finalman ap pote konsistans, ekspètiz, ak espwa reyèl pou elèv ki te tann twòp tan. Nou dwe rete angaje pou mete depistaj bonè, ansèyman ki baze sou prèv, ak fòmasyon solid pou pwofesè yo kòm priyorite. Lè n invest nan kapasite lekti timoun nou yo, n ap invest nan avni yo, epi jodi a, Nouyòk fè yon gwo pa nan bon direksyon an."

###

Lèt nouvèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta Nouyòk | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418  
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: [ny.gov/signup](http://ny.gov/signup) | Voye tèks NEW YORK bay 81336

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)